



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ
REZISTANS KONT INONDASYON NAN KONTE JEFFERSON**

***Prèske 4 milyon dola pou konstwi nouvo waf ak lansman bato, santye pou pyeton
ak mezi pou prevansyon kont inondasyon nan Alexandria Bay ak nan
Vil Alexandria***

***Nan kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta New
York la***

Konplete 618,000 dola sivvansyon Revitalizasyon Litoral Lokal Depatman Deta a

Foto domaj akòz inondasyon anvan disponib [isit la](#)

Foto evènman an yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan yon seri pwojè rezistans kont inondasyon nan Konte Jefferson. Kat pwojè ki te kòmanse nan Vil Alexandria ak Vilaj Alexandria Bay yo te resevwa plis pase 3.8 milyon dola nan sibvansyon atravè [Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lak Ontario Eta a.

"Anpil kominote bò litoral yo olon Lae Ontario ak Rivyè St. Lawrence te fè fas a gwo defi kòm rezilta gwo inondasyon ak tanpèt devastè yo, epi pwojè sa yo pral ede yo rebati pi byen, pi entelijan ak pi rezistan pase anvan." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou rete fokis pou adapte epi ranfòse enfrastrikti eta nou an pou prepare pou nenpòt sa Manman Lanati pote sou wout nou. Pwojè k ap kòmanse jodi a nan Vilaj Alexandria Bay ak Vil Alexandria pral pwoteje kominote sa yo kont tanpèt alavni ak evènman gwo dlo yo, sa k ap ede asire pwosperite yo pou jenerasyon kap vini yo."

"Aprè yon gwo inondasyon sou Rivyè St. Lawrence ak Lak Ontario, New York te pran aksyon lè li te lanse Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik lan", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Kòm yon pati nan kad inisyativ sa a, jodi a nou te anonse kat nouvo pwojè ki pral restore waf yo ak litoral yo nan Vilaj Alexandria Bay ak Vil Alexandria epi diminye domaj alavni."

Vilaj Alexandria Bay ak Vil Alexandria te fè eksperyans gwo inondasyon an 2019, lè dlo Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence te monte nan nivo istorik. Gwo inondasyon an te lakòz gwo domaj nan alafwa enfrastrikti piblik Vil la ak Vilaj la, tankou waf, lansman bato, ak enstalasyon tretman dlo yo. Fèmti waf yo difisil pou yon kominote k ap pwospere sou yon ekonomi ki baze sou touris e ki depann sou navigatè ak pechè lwazi k ap vizite rejyon an. Komisyon REDI te bay Vilaj Alexandria Bay yon total 3.36 milyon dola pou twa pwojè. Vil Alexandria te resevwa 455,000 dola pou konplete pwojè REDI yo. Anons jodi a gen ladan:

- 1. Waf Siperyè ak Enferyè nan Ri James, 2 milyon dola:** Waf Siperyè ak Enferyè nan Ri James (Upper ans Lower James Street) yo se yon pwen aksè enpòtan nan Vilaj Alexandria Bay, non sèlman pou rezidan apeprè 20 zile ki nan limit Vilaj la, men tou pou rezidan zile ak rezidan litoral yo ki nan zòn andeyò limit Vilaj la. Waf yo sèvi kòm yon pòtay pou vizitè ak touris ki soti nan Rivyè St. Lawrence kòm pòtay prensipal pou moun ki rive pa bato, sa ki pèmèt aksè dirèk ak distri biznis Ri James la. Pandan inondasyon 2019 la, waf yo te anba dlo epi yo pa te aksesib pou bato yo. Pou asire ke waf yo ka rete ouvè nan evènman gwo dlo alavni yo, tout Waf Enferyè nan Ri James la ak yon pati nan Waf Siperyè nan Ri James la pral ranplase pa yon nouvo sistèm waf flotan. Yo pral monte rès Waf Siperyè nan Ri James la pi wo nivo inondasyon an.
- 2. Scenic View Park Pier (Waf Pak Scenic View), 1.1 milyon dola:** Pak Peyizaj Panoramik Vilaj la se yon pak piblik ki genyen yon ekta ki chita sou riv Rivyè St. Lawrence lan, e li gen ladann yon paviyon, yon plaj piblik, yon lakou rekreyasyon kominotè, ansanm ak yon waf an beton bò rivyè a. Wharf la mezire 200 pye nan longè, se youn nan pi gwo lokal anbakman nan kominote a epi li se sèl lokal piblik nan Vilaj Alexandria Bay ki kapab akomode pi gwo bato ak bato kwazyè yo. An 2019, waf la te anba dlo nèt, sa ki te lakòz estrikti a te vin gravman deteryore ak domaje nan plizyè zòn ki fè kèk pati nan waf la pa te itilize. Atravè pwogram REDI a, yo pral repare oswa ranplase kèk seksyon waf la konplètman pou diminye domaj alavni epi pèmèt itilizasyon kontinyèl lè nivo dlo a pi wo pase mwayèn. Pwojè a pral gen ladan tou amelyorasyon anplis sou sit ki gen ladan nouvo pasrèl an beton, enstalasyon yon asansè pou chèz woulant ak pousèt ki konfòm ak Lwa sou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo, ak ekleraj sou waf ak pasrèl la.
- 3. Izin Tretman Dlo Vilaj la, 260,000 dola:** Izin Tretman Dlo (Water Treatment Plant) Vilaj Alexandria Bay bay dlo potab pou pwopriyete komèsyal yo, Lopital River, ak rezidan ki nan Vilaj la ansanm ak sis distri dlo eksteryè nan Vil Alexandria, Orleans, Clayton, ak Theresa. Akòz pwoksimite li ak Rivyè St. Lawrence, pandan evènman gwo dlo yo izin tretman dlo a plase a kèk pous pou li inonde. Alafwa izin tretman an ak pi imid yo ekspozè a vag ki ka fasil rive nan de pye nan wotè, sa ki depase pi imid la. Inondasyon nan pi imid ak izin tretman dlo ta konpwomèt kalite ak disponiblite dlo. Mezi diminisyon inondasyon pou pwojè sa a gen ladan yo enstale yon nouvo dal beton nan izin filtraj dlo a pou elevasyon etaj final la pi wo pase nivo

gwo dlo istorik yo. Yo pral ajoute tou yon nouvo seksyon prefabrike nan pi imid dlo kri a pou li pi wo pase nivo dlo yo. Pwojè sa a gen ladan tou enstalasyon anwochman pou pwoteje izin filtrasyon dlo a kont aksyon vag, ak amelyorasyon mi eksteryè yo.

4. Lansman Bato Goose Bay, 455,000 dola: Vil Alexandria posede epi mentni Lansman Bato Goose Bay (Goose Bay Boat Launch) la. Lansman an popilè ak rezidan yo ak vizitè yo nan Goose Bay, ansanm ak chasè ak pechè yo, akòz aksè fasil ak Rivyè St. Lawrence. Ranp bato a te plonje anba dlo akòz nivo rivyè ki wo nan ane 2019 yo epi li pa ka itilize pandan kondisyon gwo dlo yo akòz altitud klwazon an ki ba. Altènativman, pandan kondisyon dlo ki ba yo, ranp bato a pa pwolonje ase lwen nan Bay la pou lanse bato an sekirite epi zòn nan fen ranp lan twò pa fon epi li bezwen dragaj. Mezi rezistans ke yo dwe aplike nan Lansman Bato Goose Bay la gen ladan monte klwazon an beton an, dragaj nan fen ranp bato a, ak enstale yon nouvo ranp bato. Anplis de sa, yo pral elaji zòn pakin ki egziste deja a, epi yo pral kreye yon pasaj pou pyeton.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Alexandria Bay se yon trezò rejyonal ki atire rezidan yo ak vizitè yo nan bote ak abondans dlo li yo. Lè menm dlo sa yo te lakòz gwo domaj nan kominote bò rivaj yo atravè rejyon an, Eta New York te pran aksyon atravè REDI pou ede pwoteje kay, biznis, ak resous enpòtan minisipal yo tankou pak, enfrastrikti dlo, ak marina ki te domaje akòz nivo dlo ki pi wo yo. Dènye pwojè sa yo ki ap kòmanse kounye a pral amelyore rezistans rejyon an epi yo se yon temwayaj angajman kontinye New York pou konstwi kominote ki pi solid, ki pi rezistan kony klima olon Rivyè St. Lawrence ak Lak Ontario."

Sekretè Deta New York la, Robert Rodriguez, te deklare, "Tankou anpil kominote bò lak yo, Vilaj Alexandria Bay ak vil Alexandria pa egzan nan gwo inondasyon ki te koze pa dlo Lak Ontario k ap monte. Pwojè REDI finanse sa yo pral ankouraje aktivite touristik ak lwazi deyò, epi asire ke envestisman Depatman Deta a atravè Pwogram Revitalizasyon Litoral Lokal (Local Waterfront Revitalization Program) nou an amelyore aksè pou ale ak soti nan litoral la ak nan zòn anba lavil Vilaj yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Sipòte ak pwoteje etablisman tretman dlo Vilaj la gen yon enpòtans esansyèl pou sante piblik rezidan yo ak endistri touristik ki byen devlope nan Alexandria Bay la. EFC fyè pou l avanse pwojè izin tretman dlo enpòtan an ak yon sibvansyon 260,000 dola pou ede asire Vilaj la pi byen prepare pou inondasyon lavni. Etap pwojè a te anonse jodi a, priyorite pa lidè lokal yo, se prèk angajman soutni Gouvènè Hochul pou ede kominote litoral New York yo rebati pi fò ak pi rezistan kont evènman gwo dlo repete yo. Lè li bay minisipalite Eta New York yo sibvansyon pou soutni pwogram REDI Gouvènè a, EFC kapab ede nan pwoteksyon enfrastrikti esansyèl ki kontribye nan rezistans alontèm rivaj nou yo."

Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare, "Alexandria Bay se youn nan premye destinasyon Thousand Islands yo, ki ofri opòtinite san limit pou bato, lapèch, jwi anbalavil Vilaj la oswa tou senpleman pou admire peyizaj mayifik bò Rivyè St. Lawrence lan. Mwen rekonesan pou envestisman eta a nan pwojè enpòtan sa yo, ki pral ede plis rezidan yo ak vizitè yo jwi tout sa zòn nan gen pou ofri yo."

Manm Asanble, Mark Walczyk, te deklare, "Kòm pòtay devan lakou Etazini an, 'Alex Bay' se yon sant ekonomik ak kiltirèl ki se kay sitwayen k ap travay di yo tou ki merite sèvis ajou sa yo, tankou amelyorasyon nan enstalasyon tretman dlo yo ak bè a ak ranp bato amelyore, lansman kayak, ak sistèm waf yo ap fè nan Goose Bay, pati Siperyè ak Enferyè waf James lan ak nan Scenic View Park Pier. Kalite pwojè REDI sa yo se yon envestisman entelijan pou lavni ak viabilite rejyon nou an."

Prezidan Konte Jefferson lan, William Johnson, te deklare, "Atravè pwogram REDI a, Eta New York kontinye reyafime angajman yo genyen anvè rejyon nou an. Chak pwojè k ap kòmanse jodi a fè yon gwo enpak sou kominote touristik sa yo, sa k ap ede asire Vilaj Alexandria Bay ak Vil Alexandria kapab kontinye pwospere menm nan moman gwo dlo ak inondasyon."

Majistra Vilaj Alexandria Bay la, Steven Jarvis, te deklare, "Vilaj Alexandria Bay atire vizitè yo ki soti toupre ak byen lwen nan zòn nan. Kominote nou an ak biznis li yo konte sou aktivite touris sa a. Lè enfrastrikti litoral nou an pa ka itilize jan li te ye pandan inondasyon 2019 la, li te afekte tout rejyon an yon fason negatif. Nou rekonesan pou patenarya ak Eta a, ak sipò Ekip REDI a pou ede asire ke enfrastrikti enpòtan, tankou Waf Siperyè ak Enferyè nan Ri James ak waf Scenic View Park rete ouvè ak aksesib menm nan moman gwo dlo yo."

Sipèvizè Vil Alexandria, Brent Sweet, te deklare, "Pwojè Ranp Bato Goose Bay la gen ladann amelyorasyon ki trè enpòtan pou rezidan ak vizitè Vil Alexandria ki itilize rivyè St. Lawrence ak rivaj Goose Bay la pandan tout ane a. Nan prentan, ete, ak otòn, zòn aksè nan rivyè a okipe ak navigatè ak pechè lwazi. Nan mwa ivè yo, etablisman an itilize anpil pa espò ivè ak amatè lanati yo k ap jwi opòtinite pou lapèch nan glas, moute motonèj, eski randone ak anpil lòt bagay k ap pase nan Goose Bay. Kontribyab yo ak piblik jeneral la te fòtman eksprime sipò yo pou pwojè a ak konpozan li yo, epi nou kontan wè pwojè sa a ap dewoule."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a pou benefisyè kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse oswa fini, sa ki gen ladan 56 pwojè nan faz konsepsyon, 37 pwojè nan faz konstriksyon ak 41 pwojè ki fini.

Vil Alexandria ak Vilaj Alexandria Bay te resevwa tou 618,000 dola atravè yon sibvansyon Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) ki te administre pa Pwogram Revitalizasyon Litoral Lokal Depatman Deta a, ki pral konplete pwojè REDI sa yo. Minisipalite yo te fè epi kounye a y ap enstale amelyorasyon nan peyizaj lari yo tankou reparasyon twotwa, ban, limyè, poubèl, ak sipò pou bisiklèt nan plizyè lari (Fuller Street, Church Street, James Street, Anthony Street, ak Walton Street), Scenic View Park ke sektè piblik la posede, Captain Thomson Park ke sektè piblik la posede, Biwo Minisipal Vilaj la, ak lòt ankò. Amelyorasyon sa yo dwe amelyore koneksyon pou ale ak pou soti nan litoral la ak anbalavil Vilaj la. Reparasyon ak amelyorasyon yo ap fèt tou nan de waf piblik ak lansman bato ki sitiye nan Holland Street ak Crossman Street, ki pral amelyore enfrastrikti ki aje ak degrade. Ansanm, pwojè sa yo pral konekte davantaj anbalavil Vilaj la ak nouvo Riverwalk la, k ap fasilite devlopman ki pa gen anpil enpak, amelyore aksè ak rivyè, aksesibilite pou pyeton, ak ekipman pou rezidan lokal yo, pwopriyetè biznis yo, ak touris yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418